QORAQALPOG‘ISTON RESPUBLIKASI ICHKI ISHLAR VAZIRLIGI
NUKUS SHAHAR ICHKI ISHLAR ORGANLARINING FAOLYATINI
MUVOFIQLASHTIRISH BOSHQARMASI
QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI ISHKI ISLER MINISTRLIGI
NÓKIS QALALÍQ ISHKI ISLER ORGANLARÍNÍŃ JUMÍSLARÍN
MUWAPÍQLASTÍRÍW BASQARMASÍ
232100. Nukus shahri, Beruniy ko‘chasi, 70-uy./ Nókis qalası, Beruniy kóshesi,70- jay.

25 / 08. 2021 жыл 6/1240

**Қарақалпақстан Республикасы**
**Халық билимлендириў министри**
**Р.Реймовқа**

**Хызметлик тексериўин өткериў хаққында**

Усынын менен Нөкис қалалық ИИО ЖМБ 3-сан ИИБ Сизге, Нөкис қаласы “Қутлы мәкан” МПЖда жасаўшы пуқара Д.Жаббарбергенов 2021-жыл 24-июль күни Нөкис қаласы прокуроры атына пуқара Г.Рзаеваның оны ақыретлегенинен нарийза болып оған нызамлы шара көриўди сорап шағым арза менен мүрәжет еткен. Пуқара Д.Жаббарбергеновтың мүрәжети нызамлы тәртипте көрип шығыў ушын Нөкис қаласы прокуратурасы тәрепинен Нөкис қалалық ИИО ЖМБна 16/4-277086/21 шығыс хаты менен жолланған. Нөкис қаласы ИИО ЖМБның мүрәжетлерди дизимге алыў журналынан 5848/q-21 саны менен дизимнен өткен ис материалы бойынша дәслепки тергеў алды тексериў жумысларын алып барыў даўамында төмендеги ҳалатлар анықланды;

2021-жыл 24-июль күни мени Нөкис қаласы “Баркамал аўлад” балалар мектеби директоры Рзаева Гулпаршын Жолдасбаевна 24-июль куни жумыс орнында мени мектептен зат урлағансаң сен уры хәм “жалаң аяқсаң” деп мени хызметкерлер алдында хақаратлап ар намысыма тийип шаўқым көтерип сөгинип, мениин бет жүзиме қолы менен урып басыма орындық пенен урып таслады. Соң мен қан басымым көтерилип мазам қашып тез жәрдемге мүрәжат еттим. Директор Г.Рзаева мени уры, жалаң аяқ, мәмлекет бюджетин талан тараж етиўши уры жынаятшы деп хақарат еткенлиги, жәмийетлик орында хызметкерлер хәм оқыўшылар алдында мени хақаратлап сөгип шаўқым көтергенлиги ушын нызамлы түрде шара көриўиңизди хәмде мәмлекет бюджетин талан тараж етип атырған өзи екенлиги себеби көп жыллардан берли мәмлекет итибарында турған Таслақ елатында жайласкан көзи әззилер хәм шала көриўшилер мектебине өзиниң қызы Рзаева Айзаданы хеш қандай шәртнама дүзбестен рус тили муғаллими етип жумысқа алып усы кунге шекем 18 (он сегиз) саат берип айлық жазып келди. Қалтай деген пуқараны от жағыўшы етип жумысқа алып бир ярым штат берип айлық

жазып қойып ол пуқара жумысқа келместен усы кунге шекем айлық алып келди. Мектебимизде автомодел дөгереги басшысы етип жумысқа Асылбек деген жигитти алып көзи әззилер мектебинен сабақ берип айлық жазып келди. Бирақ бул муғаллимде бир күнде ол жерге жумысқа бармады. Мектепке мамлекет тарепинен зат (буйымлар) гилем, тоқыма сабақлар, қағаз, ручка х.т.б затлар алыў керек болған пулларға бул затлар алынбады. Мени уры деп мәмлекет бюджетин талан тараж етип жүрген жынаятшысаң деп хақаратлады. Бул жерде ким уры, ким мамлекет бюджетин талан тараж еткен айдынлық киритип, мени жамийетлик орында хақаратлап сөгип ар намысыма тийетин сөзлер айтып шаўқым көтергенлиги ушын урғанлығы ушын нызамлы түрде шара көриўиңизди соранаман” деп көрсетип өткен.

Дәслепки тергеўалды тексериў жумыслары даўамында пуқара Д.Жаббарбергеновтың арзасында көрсетип өтилген уәжлери бойынша, Сизден “Баркамал аўлад” балалар мектеби директоры лаўазымында хызмет алып барыўшы пуқара Г.Рзаеваның ис хәрекетлерине хуқықый баха бериў мақсетинде, Баркамал аўлад балалар мектебинде жүритилиўи лазым болған сабақ бөлистириў тариф сеткаларына, штат бирликлери бойынша кадрлардың туўры орын орнына қойылғанлығы, оларға төленип атырған ис хақылары бойынша бухгалтерлик тексериўин өткериўиңизди хәмде мийнет интизамы бузылғанлығы яки бузылмағанлығы бойынша хызмет тексериўин алып барыўыңызды, өткерилген хызмет тексериў нәтийжеси хаққында Нөкис қалалық ИИО ЖМБ 3-сан ИИБне жазба рәўиште тақдым етиўиңизди сораймыз.

*Қосымша «__0__» беттен ибарат.*

**Нөкис қалалық ИИО ЖМБ**
**3-сан ИИБ баслығы**
**полковник** **Б.Булатов**